# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–21 अक्टूबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु रिजर्व पुलिस लाइन लखनऊ में आयोजित पुलिस स्मृति दिवस के मौका पर वरदी भत्ता में सत्तर फीसदी क बढ़ोत्तरी, बैरक में रहे वाले आरक्षियन के पुलिस आवासी भत्ता में पचीस फीसदी क बढ़ोत्तरी अउर राष्ट्रीय–अन्तर्राष्ट्रीय खेलकूद में हिस्सा लेवे वाले खेलाड़ियन के प्रसिक्षण, आहार आ अउरियो मद बदे अगिला वित्तीय बरिस के बजट में दस करोड़ रूपिया बढ़वले क घोसणा कइलें। येह घोसणा पर प्रदेस सरकार एक सौ पनरह करोड़ रूपिया क खरचा उठाई। मुख्यमंत्री बहुमंजिला आवास अउर प्रसासनिक भवन के रखरखाव बदे एक हजार तीनि सौ अस्सी करोड़ रूपिया के कॉरपस फंड क घोसणा कइलें। एहसे पहिले मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ पुलिस सहीद स्मारक पर पुस्पांजलि अरपित करत सहीद पुलिसकरमियन के यादि कइलें। पुलिस स्मृति दिवस पर आजु प्रदेस के सज्जो जिलन के पुलिस लाइन्स में कार्यक्रम आयोजित कइ के सहीद पुलिसकरमियन के भावभीनी सरधांजलि दीहल गइल।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के सून्य गरीबी लक्ष्य के तहत येह बरिस गोण्डा जिला प्रसासन की ओरि से वनटांगिया महोत्सव में महेशपुर अउर रामगढ़ गांवन के वनटांगिया समुदायन के परिवारन के देवाली पर खास सौगात दीहल जाई। आवे वाले सत्ताइस अक्टूबर के आयोजित येह महोत्सव में दुन्नो गांव के सज्जो परिवारन के रोजमर्रा के काम में आवे वाला समान, कपड़ा आ अउरियो जरूरी समान उपहार में दीहल जाई। गोण्डा क जिलाधिकारी नेहा शर्मा कहलिनि कि वनटांगिया महोत्सव क सुरूआत पछिला बरिस दुइ हजार तेइस में भइल रहे आ येहू सालि हमहन के एहके मुख्यमंत्री के सून्य गरीबी विजन के तहत आगे बढ़ा रहल हईं।

**********

मैनपुरी के करहल विधानसभा सीटि पर हो रहल उपचुनाव बदे समाजवादी पारटी क ओम्मेदवार तेज प्रताप यादव आजु समाजवादी पारटी क राष्ट्रीय अध्यक्ष अखिलेश यादव के साथे परचा भरलें। येह मौका पर सांसद डिम्पल यादव के सथहीं कई गो नेता लोगि मौजूद रहलें। नामांकन के बादे समाजवादी पारटी क राष्ट्रीय अध्यक्ष अखिलेश यादव कहलें कि करहल विधानसभा सीटि से समाजवादी पारटी क ओम्मेदवार रेकार्ड ओट से चुनाव जीती।

**********

उत्तर प्रदेस माटी कला बोर्ड की ओरि से आजु लखनऊ के खादी भवन में दस दिन ले चले वाला माटी कला मेला क सुभारम्भ भइल। येह मेला क उदघाटन प्रदेस क खादी अउर ग्रामोद्योग मंत्री राकेश सचान कइलें। येह मेला में प्रदेस के माटी कला इकाइयन के सथहीं दुसरे राज्यन क सिल्पकार लोगिनों क पचास स्टॉल लगावल गइल हवे।

**********

कृषि विभाग क प्रमुख सचिव रविन्द्र सिंह कहले हवें कि फसल बीमा योजना के परभावी क्रियान्वयन बदे जिला अउर तहसीलि स्तर पर बीमा कम्पनियन की ओरि से स्थापित कइल जाये वाले दफ्तरन के कृषि विभाग के हतवे में स्थापित कइल जाय। प्रमुख सचिव एहकर अनुपालन करावे खातिर प्रदेस के सज्जो मण्डलायुक्तन अउर जिलाधिकारियन के निरदेस जारी कइले हवें।

**********

प्रयागराज क उत्तर प्रदेश राजर्षि टंडन मुक्त विश्वविद्यालय महाकुंभ दुइ हजार पचीस के ले के छौ महिन्ना क नया सर्टिफिकेट कोर्स सुरू करी। कुलपति प्रोफेसर सत्यकाम बतवलें कि येह सर्टिफिकेट कोर्स में साधु–संतन के शाही नहान से जुड़ल जनकरियो के सामिल कइल जा रहल हवे।

**********

गोरखपुर के रामगढ़ताल में बिहने से छब्बीस अक्टूबर ले सब जूनियर नेशनल रोइंग चैम्पियनसिप क आयोजन होखे जा रहल बाटे। एहमें बीस राज्यन क दुइ सौ तैंतालीस खेलाड़ी हिस्सा लीहें। येह चैम्पियनसिप में रेस कोर्स क उदघाटन बिहने होई जबकि खेलाड़ियन के बिच्चे प्रतिस्पर्धा क सुभारम्भ तेइस अक्टूबर के खेल मंत्री गिरीश चन्द्र यादव करिहें। छब्बीस अक्टूबर के रोइंग चैम्पियनसिप क समापन के मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ मौजूद रहिहें।

**********

गोरखपुर के योगिराज बाबा गंभीरनाथ प्रेक्षागृह में तेइस अक्टूबर से सत्ताइस अक्टूबर ले गोरखपुर रंग महोत्सव क आयोजन कइल जाई। येह दौरान रोजै अलगि–अलगि नाटकन क मंचन कइल जाई। आयोजन समिति क संयोजक श्रीनारायण पाण्डेय बतवलें कि रंग महोत्सव क उद्घाटन के मौका पर मुख्य अतिथि के रूप में राज्यसभा क उपसभापति हरिवंश नारायण मौजूद रहिहें। उद्घाटन सत्र क अध्यक्षता साहित्य अकादमी क पूर्व अध्यक्ष आचार्य विश्वनाथ प्रसाद तिवारी करिहें।

**********

पीलीभीत के टाइगर रिजर्व में बाघन क गिनती पचीस अक्टूबर से सुरू होई। एकरे खातिर टाइगर रिजर्व के पांच वन रेंज में कुलि चारि सौ दुइ स्वचालित कैमरा लगावल जाई। प्रभागीय वनाधिकारी मनीष सिंह बतवलें कि पछिला गिनती के मोताबिक पीलीभीत टाइगर रिजर्व में एकहत्तर बाघ मौजूद रहलें ।

**********

अजोध्या के श्रीराम जनमभूमि मंदिर में प्राण प्रतिस्ठा के बादे आयोजित होखे वाले पहिला दीपोत्सव पर मंदिर में अढ़ाई लाख दीया जरावल जाई। छोटकी अउर बड़की देवाली पर जरावल जाये वाला ई दीया देसी गाई के गोबर से बनल रही। येह दीयन के नगर निगम के कान्हा गोसाला अउर महिला समूहन की ओरि से बनवावल जा रहल हवे।

**********